

Nou dwe travay
ansanm ak fanmiy nou,
pou nou kapab devlope
yon plan familyal antre
tout timoun e tout
granmoun, lè yo konn
sa yo gen pou yo fè.

N'ap itilize yon lis
de kontwòl pou nou
asire nou ke twous
de sirvi nan yon ka
de katastwòf ap byen
prepare.




TWOUS DE SIRVI

- Yon galon dlo nan boutèy ki komèrsyalize pou chak moun chak jou.
- Ji ki konsève nan bwat ou nan boutèy plastik.
- Manje ki nan konsèv tankou vyand, pwason, fri e legim.
- Manje sèk tankou pen, bonbon e biswit.
- Manje e preparasyon pou bebe yo.
- Asyèt lè nou fin itilize nou kapab jete, tas, bagay n'ap bezwen e sak pou jete fatra.
- Bagay n'ap bezwen pou kwizin e kabiran.
- Dokiman asiran, dokiman medikal yo e tout pyès idantifikasyon nou kapab mete nan yon sak ke tout dokiman sa yo p'ap mouye.
- Yon twous de premye swen ak moustikè.
- Prëskripsyon medikal ak aprovizyonman omwen pou yon semèn.
- Manje e swen pou bebe tankou kouch e latriye.
- Atik èspesyal pou moun ki aje e andikape nan fanmiy nan.
- Flach ak lòt batri nèf.
- Radyo ki sèvi ak batri e yon òrlòj pou nou kapab swiv lè.
- Louvri-bwat manyèl.
- Anpil alimèt nan yon resipyen ki p'ap pran dlo.
- Bagay pou na ka pirifye dlo ou dlo de Javèl.
- Yon gran twal an plastik e riban adezif.
- Bagay twalèt e ijyèn pèsonèl k'ap genyen bagay pou fiy tou.
- Papye twalèt, sèrvyèt mouye e savon.
- Ekstenktè pou tenyen dife.
- Bòt, rad e linèt.
- Zorye, kouvèrtu e sak pou dòmi.
- Yon ti kantite lajan.
- Bagay de swen pou animal domestic yo, manje, dlo, kòman n'ap transpòte animal domestik yo, medikaman, mizo e lès.

www.weready.org

“OURAGAN?! KAN SA RIVE, M'DWE PRAN SA AN CHAJ!” KOMAN?



1 PRÉPARÉ 2 PROTÉJÉ 3 ASISTÉ

CDEMA

The Caribbean Disaster
Emergency Management Agency



CDEMA

The Caribbean Disaster
Emergency Management Agency



1 PRÉPARÉ

NOU DWE PRÉPARÉ
KAY NOU E MANJE
NOU DEPI DAVANS



- ★ Nou dwe netwaye tout branch bwa dabò apre koupe tout lòt branch pouri yo.
- ★ Nou dwe chèche papye asirans kay la e machin nou pou nou verifye si papye sa yo valab toujou.
- ★ Nou dwe pwoteje fenèt yo nan kay la ak kouvèti ki fèt pou sa tankou playwoud.
- ★ Nou dwe konsève bagay ki gen anpil valè, tankou papye enpòtan nan yon bagay ke dlo pa ka travèse nan yon etaj ki wo nan kay la.
- ★ Nou dwe konnen tout kote nou kapab sere bagay ki ijan anpil.

ANVAN


- ★ Nou dwe kapte stasyon radyo ou chèn televizyon lokal pou nou enfòme kòman siklòn nan ap evolye selon otorite ki gen konpetans yo.
- ★ Mete tout bagay ki deyò anndan kay la e mare tout lòt bagay ke nou pa ka deplase tankou antèn parabolit e tout lòt antèn.
- ★ Nou dwe regle frijidè ak frizè nan yon tanperati ki ba anpil, nou dwe ouvri yo si se nesesè, apre fèmen yo.
- ★ Nou dwe sekirize tout enfòmasyon e tout zouti n'ap bezwen pou travay nou gen pou fè apre tanpèt la.
- ★ Nou dwe verifye tout stòk manje ak medikaman ki nan kay la.
- ★ Mete anpil dlo pirifye pou nou bwè ki vann nan boutèy e ki byen sele e lòt kantite dlo tou yo vann nan boutèy plastik ki sele men se pou bezwen ijyenik.
- ★ Nou dwe pran tout kouvèti yo, dra yo e lòt bagay de sekou pou nou ale nan sant debèrman an.
- ★ Nou ka fèmen kay nou pou nou ale nan yon sant k'ap ebérje moun ki pwoch kote ou rete a anvan siklòn nan rive. Nou pa dwe soti deyò pandan siklòn nan ap fè dega deyò a.
- ★ Mete gaz nan machin ou.
- ★ Nou dwe verifye tout stòk manje ak medikaman ki nan kay la.

OBSÈVASYON SOU YON OURAGAN
Obsèvason sou yon siklòn ap difize lè tout kondisyon ki posib yo reyini nan bò kot yo nan 48 h.

AVÈTISMAN YON OURAGAN
Y'ap anonsé yon siklòn lè kondisyon ki posib yo reyini nan 36 h.

2 PROTÉJÉ

NOU DWE PROTÉJÉ
TOUT MOUN KI
PWOCH NOU
PANDAN E APRE



PANDAN

- ★ Nou dwe rete ap koute radyo ou gade televizyon lokal yo pou dènye enfòmasyon e entrikson otorite konpetan yo.
- ★ Rete anndan kay nou men elwanye nou de fenèt, likàn e pôt an vit.
- ★ Nou dwe gen nan men nou yon lanp elektrik ak batri néf. Evite pou nou pa limen bagay ki sèvi ak flamm tankou boujì, lanp a gaz pou klere.
- ★ Pa janm gen dlo ak kouran nan moman siklòn. Nou dwe debranche tout aparèy pou evite dega kan dlo ak kouran an ap etabli.
- ★ Nou dwe fèmen tout sous ki alimante lakay an dlo, gaz e kouran.

3 ASISTÉ

NOU DWE ASISTÉ
FANMIY NOU,
VWAZEN NOU E
KOMINOTE A

APRE

- ★ Nou dwe asiste tout efò k'ap fèt pou mete kominote a kanpe.
- ★ Nou dwe fè atansyon twou ak fisur ki nan wout yo, inondasyon dlo ki kontamine, fwit gaz, moso vit ak fil elektrik ki kase.
- ★ Nou dwe chèche lèd medikal pou moun blese yo.
- ★ Nou dwe fè atansyon de lòt risk takou dife, inondasyon e latrerie.
- ★ Nou dwe netwaye tout fatra e asire travay reparasyon pou yon ti tan.
- ★ Pwoteje nou kont moustik, mouch e lòt ensèk ki kapab anvayi zòn nou apre tanpèt la.
- ★ Nou dwe fè yon evalyasyon de dega e etabli yon kalite koperasyon ak rèsponsab yo.
- ★ Nou dwe evite ale nan lòt zòn ki afèkte, pa ale fè touris.

